



## Mesaj Prezidan an



Kòm nouvo Prezidan Gwoup Transpò Endependan Sitwayen (CITT), youn nan priy-orite mwen se kreye yon anviwònman amikal, agreyab kote moun aksepte echanj

lide. Mwen vle piblik la, ofisyèl Konte a ak ofisyèl minisipal yo, e tout patnè transpò ak moun ki gen enterè yo, santi yo alèz pou vini devan Gwoup nou an epi prezante opinyon ak enfòmasyon yo.

Pandan manda mwen kòm Prezidan, mwen vle tou pou nou kontinye fè pwogrè sou koridò transpò rapid yo ki dekri nan Plan Estratejik Transpò Rapid Zòn Metropolitèn Miami (SMART) la, avèk anfaz patikilye sou Koridò Nò a, ki te ap prepare pandan anviwon 50 ane.

Avèk lajan federal nou espere nan Lwa sou Envestisman nan Enfrastrikti ak Travay (IIJA) 2021 an, gen yon opòtinite reyèl pou Konte nou an ogmante sèvis ak lajan federal pou konplete lajan lokal ak eta nou an, kidonk ogmante finansman nou pou developman. ak konstriksyon pwojè transpò rapid, achte veyikil transpò adisyonèl zewo emision oswa fèb emision, ak amelyorasyon enfastruktiki pou pyeton ak bisiklèt nan kominote nou yo.

Mwen vle remèsyé militan transpò komi-note nou yo ak lidè lokal yo dèské yo te travay ansanm pou yo te pase pwojè lwa enfastruktiki sa a ki nesesè.

Novanm sa a tou make anivèsè 20 ane Plan Transpò Pèp la (PTP). Gen anpil pwogrè ki fèt nan amelyore sistèm transpò nou yo, men gen anpil bagay toujou pou fè. Nan mwa ki ap vini yo, nou va pataje ak rezidan nou yo sa nou reyalize anba PTP a, epi nou va eksplor kote nou prale pandan nou ap antre nan 20 ane kap vini yo.

Oscar J. Braynon, Prezidan  
Gwoup Transpò Endependan Sitwayen

## CITT Òganize Sesyon Enfòmasyon Koridò Nò a



Etid Anviwònman (PD&E) epi pran enfòmasyon sou pwosesis Demann Pwopozisyon koridò a (RFP).

Rezidan lokal, ofisyèl eli lokal, Konte ak Eta yo; osi byen ke reprezantan ki soti nan Depatman Transpò Florid, Òganizasyon Planifikasyon Transpò Miami-Dade, epi Depatman Transpò ak Travo Piblik Konte Miami-Dade te patisipe nan evènman an.

Gen yon vidyeo sesyon enfòmasyon sa a ki disponib sou paj Facebook CITT:

<https://www.facebook.com/TransportationTrust/>.



## Konte a Redesine Sistèm Otobis la

Nan sezon otòn 2021 an, Depatman Depatman Transpò ak Travo Piblik Konte Miami-Dade (DTPW) te resevwa apwobasyon final pou aplike nouvo desen rezo otobis yo ke yo rele tou Meyè Rezo Otobis la.

Meyè Rezo Otobis la se yon efò kominotè ki ap chèche ogmante kantite wout otobis avèk sèvis pi souvan epi kreye pi bon koneksyon pou pasaje transpò piblik yo. Li va ogmante kantite pi koridò wout majè otobis avèk frekans sèvis 15 minit pandan èdepwent (sa vle di moman gran sikilasyon).

Nou espere mete an aplikasyon nouvo rezo otobis la ane sa a. Pasaje yo kapab wè chanjman nan rezo a, tankou chanjman nan frekans wout yo ak plas arè otobis yo nan: [www.miamidade.gov/betterbus](http://www.miamidade.gov/betterbus).



Foto koutwazi Transit Alliance Miami

## CITT Akeyi Nouvo Direktè Transpò ak Travo Piblik Konte Miami-Dade la



CITT akeyi Eulois Cleckley, ki se nouvo Direktè ak PDG Depatman Transpò ak Travo Piblik Konte Miami-Dade la (DTPW), youn nan pi gwo Depatman nan Konte a.

Direktè Cleckley te deja dirije Depatman Transpò ak Enfastruktiki (DOTI) pou Vil ak Konte Denver, kote li te dirije youn nan depatman ki pi gwo ak pi dinamik nan vil la, ki te konsantre sou modènize sistèm transpò Denver a epi konstwi enstalasyon piblik, pami lòt amelyorasyon.


Cleckley te di ke li vize pou Depatman li an ede pran lidèship pwochen jenerasyon enfastruktiki transpò a epi pou se meyè Konte nan sistèm transpò ak mobilite.

# CITT fè yon gade an pwofondè nan Lwa Envestisman nan enfrastrikti ak Travay 2021 an

An Novanm 2021, Prezidan Joe Biden te siyen lwa \$1.2 milya Envestisman nan Enfrastrikti ak Travay (IIJA) 2021 an, ki va ale nan pwojè transpò atravè Etazini, tankou sa ki isit la nan Sid Florid.

Nan yon efò pou maksimise opòtinite finansman pou pwojè transpò piblik lokal, CITT komisyone konsiltan estratejik li, IMG Rebel Advisory, Inc., pou fè yon analiz an pwofondè Lwa IIJA a.

## Lwa Envestisman nan Enfrastrikti ak Travay (IIJA) 2021an pwopozé \$550 Milya nouveau depans



Pou li analiz an pwofondè CITT ak IMG Rebel Advisory, Inc. la epi wè yon anrejistremán seminè sou entènèt Zoom ki dire inedtan konsènan lwa IIJA a, vizite sit entènèt CITT a nan: [www.miamidade.gov/citt](http://www.miamidade.gov/citt).

## Manm Gwoup Transpò yo

Oscar J. Braynon, Prezidan  
Alfred J. Holzman, Premye Vis Prezidan  
Robert Wolfarth, Dezyèm Vis-Prezidan

Onorab Peggy Bell  
\*Joseph Curbelo  
Meg Daly  
\*Glenn J. Downing, CFP®  
Ashley V. Gant, Esq.  
Qjuezari Harvey

\*Ansyen Prezidan

\*Paul J. Schwiep, Esq.  
Marilyn Smith  
L. Elijah Stiers, Esq.  
Mary Street, Esq.  
Ernie Thomas



## Gwoup Transpò Endepandan Sitwayen

Stephen P. Clark Center · 111 NW 1st Street  
Miami, Florida 33128-1994  
305-375-1357 · [www.miamidade.gov/citt](http://www.miamidade.gov/citt)

## CITT bay sipò pou enfrastrikti bisiklèt ak pyeton

Pandan mwatye rive nan fen ane 2021, manm CITT yo te patisipe nan plizyè evènman ki te selebre siksè, oswa yo te louvri yon novo faz pwogram ak enfrastrikti ki va fè li pi an sekirite pou siklis ak pyeton kapab mache ak monte bisiklèt kòm yon transpò altènativ san danje, oswa kòm koneksyon premye ak dènye mil avèk transpò piblik.



Gras a Vil Miami Beach ak Komisyònè Eileen Higgins Distri 5 Konte Miami-Dade, manm Gwoup la ak anplwaye yo fè yon toune lari Miami kote Pwogram Pilòt Ri Dousman nan Flamingo Park la te fè li posib pou rezidan ak siklis yo itilize lari san danje pandan COVID-19 la lòske anpil rezidan chwazi mache ak monte

bisiklèt kòm mwayen transpò prensipal yo, ak kote pou yo fè aktivite ak fè egzèsis deyò.

Reprezantan Gwoup la te patisipe tou nan poze premye pyè Ludlam Trail epi dezyèm faz The Underline lan. Tou de pwojè sa yo bay sante san danje pou siklis ak pyeton pou fè egzèsis epi konekte ak sèvis transpò piblik, ekipman kominote, ak lòt destinasyon.

## CITT Eli Nouvo Ofisyè epi Akeyi Nouvo Manm

Nan otòn 2021, CITT eli li nouvo Ofisyè Ofisyè Gowup li a epi akeyi de nouvo manm Gwoup yo.

Moun ki ap dirije Gwoup la se Prezidan Oscar J. Braynon, ki reprezante Komisyon Distri 1. Alfred J. Holzman, OMS, reprezantan Distri 6 Konte Miami-Dade ki te eli kòm Premye Vis Prezidan; epi Robert Wolfarth, OMS ki reprezante Distri 4, te eli kòm Dezyèm Vis Prezidan.

Prezidan an te nonmen manm Meg Daly, ki reprezante Distri 7, pou li dirije Komite Sensibilizasyon Kominotè CITT a; Manm Eli Stiers, ki reprezante Lig Vil Miami-Dade yo nan Gwoup la, yo te re-nonmen li pou dirije Komite Pwogram Minisipal CITT a; epi Prezidan an te nonmen Onorab Peggy Bell, ki reprezante Distri 8 pou dirije Komite Odit CITT a.



Ernie Thomas



Qjuezari Harvey

Gwoup la te akeyi tou nouvo Manm Gwoup Ernie Thomas, ki va reprezante Distri 10 nan Gwoup la; ak Qjuezari Harvey, ki va reprezante Distri 3.

Pou aprann plis sou fason pou aplike pou antre nan Gwoup la, vizite [www.miamidade.gov/citt](http://www.miamidade.gov/citt) epi klike sou tab Rekrítman Manm [Member Recruitment] ki sou bò gòch paj dakèy la. Ou ka rele tou 305-375-1357 pou jwenn plis enfòmasyon epi mande yon aplikasyon.

Pou plis enfòmasyon sou Plan Transpò Pèp la ak Gwoup Transpò a, vizite visit [www.miamidade.gov/CITT](http://www.miamidade.gov/CITT).



Ba nou yon "like" sou Facebook CITIZENS' INDEPENDENT TRANSPORTATION TRUST • Suiv nou sou Twitter @GoCITT • Suiv nou sou Instagram @transportationtrust